Ассаламу гІалайкум!

# АХИХЪАН

№ 49 (7293)
27 ноябрь 2017 сон
Итни
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

26 ноябрь - День матери

## Поздравление



Уважаемые женщины, мамы!

Ежегодно в конце ноября в России отмечается День матери. Этот праздник призван укрепить многовековые традиции преклонения перед женщиной-матерью, дает возможность еще раз выразить глубокую благодарность за подаренную жизнь, материнскую любовь, нежную заботу и благословение. Преданность женщины своим детям, её извечная роль хранительницы домашнего очага, труженицы, духовной опоры всегда были и остаются великой ценностью нации.

День матери - не просто дань глубокого уважения и любви к вам, но и признание вашей роли в обществе. Вы являетесь активными жителями нашего района, успешно сочетаете материнские обязанности с участием в трудовой, общественной и политической жизни.

В этот праздничный день особые слова поздравления и благодарности многодетным мамам, приемным матерям детей-сирот.

Дорогие матери, примите слова признательности, любви и уважения! Пусть в Ваших глазах не гаснет улыбка и радость! От всей души желаем всем женщинам-матерям здоровья, счастья, семейного благополучия, взаимопонимания и ответного тепла от своих детей! Пусть в вашей жизни будет больше добрых и светлых дней, больше поводов радоваться за своих детей!

**Глава МО «Унцукульский район»**
**Иса Магомедович Нурмагомедов.**

## Аппаратальулаб совещание

27 ноябралда райадминистрациялда букІана иргадулаб аппаратальулаб совещание. Гьенир гІахьаллъана бетІерасул замал, кумекчагІи ва организациязул нухмалъулел.

Къойилаб темаялда рукІана батІи-батІиял суалал: финансовияб хІисаб кьей, налогал ракІари, район цебе бачин, инфраструктура, экономикаялъул, лъай кьеялъул ва цогидалги суалал.

Совещание рагьулаго ГІ. НурмухІамадовас тІадчІей гьабуна плановияб финансазул хал гьабиялда. Къокъго бицани хІасилал лъикІал ккана.

Экономикияб отделалъул хІалтІул бицана ХІ. МаллахІусейновас. Къокъго абуни ракьазул налогазул план тІубан буго 65,24 %, имуществалъул 58,54 %. Гъорлъе раккун гьеб рахъалъ бугеб хІал лъазабизе тІад къана гьесда. Гьенибго бицана ракьазул. М. ХІажиевас бицана шагьаралъул къагІидаялъ коммуникациялъул тІалабал гІуцІиялъул, гьеб рахъалъ бугеб программаялъул документал администрациялде рачІун ругин бихьизабуна гьес. М. ХІасановалъ бихьизабуна эбелалъулаб къоялда хурхун цо-цо улбузе 5-5 аз. гъурущ кьунилан.

«Звучи мой пандур» абураб тадбир хІадуризе тІад къана культураялъул отделалда.

# ГІедегІуге, шофер, рокъове щоларин!



23 ноябралда Шамильхъалаялда «Унсоколо район» МОялъул администрациялда букІана Дагъистан республикаялда гІадлу-низам букІинаби мурадалда гьаб соналъул 22 августалда букІараб координационнияб совещаниялъул хІукму тІубаялъул бицунеб совещание. Гьенир гІахьаллъана «Дагавтодор» Агенствалъул нухмалъулев М. ГІамиров, РДялъул МВДялъул УГИБДД отделалъул нач. Т. Герейханов.

Совещание бухьараб букІана нухазда хьвадиялъулъ хІинкъи гьечІолъи букІиналъул, территориялда авариязул, хвелазул къадар дагьлъиялда хурхун РДялъул гІадлу-низам цІунулел органаз, исполнительниял властаз, МугІрул районазул округалъ хІалтІи битІун гІуцІиялда. Совещаниялда гьединго гІахьаллъана РДялъул МугІрул округалъул вакил М. Камилов, Унсоколо районалъул бетІер ГІ. НурмухІамадов, ЧІарада, Шамиль, ЦІумада ва цогидалги районазул бутІрузул замал, ГИБДДялъул муниципалиял районазда ругел вакилзаби.



Совещание рагьана ГІ. НурмухІамадовас ва рагІи кьуна МугІрул округалъул вакил М. Камиловасе. «Нилъеда киназдаго лъала нухазда балагьаб иш ккеялъе гІемерисеб мехалда хварал нухал рукІин, хасго хасало мехалъ. Гьеб заманалда рекъон къачІазе ккола нухал, гьеб рахъалда хурхун гьарулел руго гІемерал хІалтІаби. Жеги хутІун руго мехтулел жал гьекъон машинаби рачунел шоферал, хасго гІолилал, гьезулгун хІалтІи гьабуни лъикІан бакІазул имамаз, гьел ругелъур вагІзаби гьаруни лъикІан. Нилъ киналго тІаделъичІони гьеб ахІвал-хІал гІемераб заманаялъ хисизабизе кІвезе гьечІо»,-ян бихьизабуна гьес.

Ихтиярал цІунулез нухазда хьвадиялъе хІинкъи гьечІолъи букІинабиялъе гьарулел ругел хІалтІабазул хІакъалъулъ доклад гьабуна Т. Герейхановас. «ХІурматиял коллегаби! Баркала загьир гьабула нижер хІаракаталъе жаваб кьуралъухъ, гьадинал дандчІваял гІуцІиялъе кумек гьабуралъухъ. Нилъер республикаялда лъугьун буго авариял ккеялда хурхун захІматаб ахІвал-хІал, кигІанго нухал къачІаялъе гІемераб хІалтІи гьабулеб бугониги руго цо-цо гражданал нухда жавабчилъи гьечІого хьвадулел, ккезе бегьулелъул пикру гьабуларел. Гьелъ кколел руго гІадамал ва жалго чІваялдеги. Ккарал балагьазул цифрабаз хагазарула. Ахирияб І0 моцІида жаниб республикаялъул нухазда ккун буго І498 балагьаб иш, гьелдалъун хун руго 343 чи, зарал ккун буго 2339 чиясе. Кирго щулалъаби гьарун бажаруларо, бюджет дагьаб буго, амма гьелъухъ балагьичІого ахирияб заманалда нухазда гІемераб хІалтІи гьабуна,-ян бихьизабуна гьес.

Балагьал ишал гІемерлъунгутІиялъе республикаялда гьарулел ругел хІалтІабазул бицана «Дагавтодор» Агенствалъул нухмалъулесул зам. М. ТІагьировасги.

Буйнакск-Гениб-ЧІиркъатІа нухазда хурхун гьесие суалал кьуна районазул цо-цо вакилзабаз. Унсоколо районалъул хІинкъи гьечІолъиялъул рахъалъ бетІерасул зам. М. ХІамзатовас бихьизабуна: -Гьеб нухлул цо бутІа бугин кутакалда хІинкъараб хІалалда, ахирияб кІиябго моцІалда цІикІкІанин гьенисан гъунел къаназул къадар. Гьеб участкаялда кинал хІалтІаби гьаризе ругел?,-абураб суал кьуна гьес нухал гьарулезе.

Гьединалго суалалгун тІаде рахъана Хьаргаби районалъул бетІерасул зам. А. Шарафудинов, ЦІумадаса зам. М-Р. МухІамадов, ЦІунтІа районалдаса П. ШагІбанов.

Киналго кьурал суалазде кІвар буссинабуна, данде кколел рекомендациял кьуна. Совещаниялъул хІасилал гьарулаго цо-цо хІукмаби гьаруна целевияб программаялъе бутІруз гІарац рехиялда, нухазда балагьал ишал ккунгутІиялъул мурадалда, киналго ахІана авариял ккунгутІиялъе СМИяздасан, гІадамал данделъарал бакІазда кІалъан, гІадамал цІодорлъиялъе оперативияб хІалтІи гьабизе.

ГІ. НурмухІмадовас баркала загьир гьабуна гьеб лъикІаб ишалъе совещаниялде рачІун гІахьаллъи гьабуразе.

Ахихъан

*Районалъул газета*

*№ 49 (7193)*

*27 ноябрь 2017 сон*

2 гъумер

Эбелалъул Къо ккола гьелъул захIматалъе, лъималазе гIоло гьелъ жийго кьолеб куцалъе гIоло кинабго гьабизе кколеб гьайбатаб праздник. Гьеб букIине ккола кидагосеб праздниклъунги. Нильер щивасе эбел йиго аслияй гIадан. Эбеллъун яхъиндал киналго лъикIал качестваби рачIуна чIужугIаданалъулъе. Баркала буго киналго улбузе, бищунго нилъеда ракI бугел гIадамазе!



Росабалъе сапар: росдал магIишат

# Ферма балеб буго



2I ноябралда районалъул бетIерасул кумекчи МухIамад ХIажиев, росдал магIишаталъул управлениялъул бетIерав специалист Назирбег ГIабдулаевгун щвана ГьаракIуни росулъе. Сапаралъул мурад букIана боцIул ферма балеб бакIалда хIалтIаби унел ругеб куцалъухъ балагьи.

МухIамад КъурамухIамадов ккола «Салман» ОООялъул директор. Гьес ГьаракIуни росда гIагарлъухъ балеб буго I60 бетIер чIегIер боцIуе бакI бугеб механизмаялдалъун хьезабураб ферма. Ункъго сон ана гьеб балеб бугелдаса, гIемер кватIичIого хIадурго букIине буго хIалтIизе. ГIемераб хIалтIи гьабун буго фермаялда, кинабго гьеб гьабун буго живго МухIамадил гIарцуде. БоцIуе гуроници гьениб санагIалъаби чIезарун руго бачазеги. Гьезие руго хинал бокьал.

ДандчIваялда гара-чIвари ккана боцIуе рагIи-хер букIиналъе, бакIал рекьиялда, кормаялъул базаялъул бицунаго М. КъурамухIамадовас бихьизабуна гьениб рахьдалаб производство гьабиялъе цех бан ва гьан гIезабун районалъул гIадамазе пайдаяб продукция чIезабизе ракIалда бугилан.

Н. ГIабдулаевасул рагIабазда рекъон ферма балеб буго гьанжесел тIалабазе жаваб кьоледухъ. Аслиял хIалтIаби дагьабгIаги механизмаялдалъун хьезабун. МухIамад ХIажиевас бихьизабуна районалъул экономика борхиялъе квербакъи гьабулеб магIишаталъе администрациялдасан кIвараб кумек гьабилин, гьединго росдал магIишаталъул министерствалде хьван производство цIикIкIиналъе ресал ралагьилин.

Эбелалъул Къо

# ТалихIаб хъизан

**РикIкIен гIемерал халкъазда гьоркьосел праздниказда гьоркьоб эбелалъул Къоялъ рекIее бищунго хинаб асар гьабула, гьелъ щивниги тIаса-масагояб пикругун толаро. Чан лъикIал ва хIасратал рагIаби нилъеца абулел кинабго жиндирго тIалаб-агьаз, рокьи, лъикIлъи, хIеренлъи-хIалимлъи нилъее кьолей хIасратай эбелалъул рахъалъ. Гьей ккола бищунго нилъеда ракI унтарай инсан.**

Гьаб гьайбатаб праздникалъул къоялъ эбелалъул Къо баркизе бокьун буго Шамсудинова Эльмира ХIайбулаевналда – гIемер лъимал ругей эбелалда. Жийго Эльмира гьаюна I983 соналъул 26 декабралда. I8 сонил гIумроялда росасе ана Рихьуни росулъе. ГьабсагIаталда гьелъул буго щуго лъимер. Бищунго кIудияй яс Наидал буго I4 сон, цIалулей йиго 8 классалда, кIиабилей Аидал буго I2 сон, цIалулей йиго 6 классалда, лъабабилей кIарчамав МухIамадил буго 8 сон, цIалулев вуго 2 классалда. Хадусел кIиго цадахъ гьарурал ХIайбулаги ХIабсатги жеги гIисинго руго.

Жийго Эльмираги гьаюна кIудияб, талихIаб хъизаналда. Гьей йикIана хъизаналда бищунго кIудияй, тIадежоялъеги ункъго васасда гьоркьой цо йигей яс.

Гьанже Эльмира мукIурлъула захIматго букIанин байбихьуда кIигъарурал цадахъ хьихьизе, амма кумек гьабунин гIурал ясаз. Росги вуго Эльмирал кинабго ишалъуль мугъчIвалев чи.

ГIадатияб къо хъизамалда байбихьула радал кванаялдасан. СагIан 6 тIубаралдаса рукъалъул ишалда йикIуна Эльмира. ЧIахIиял лъимал тIад ретIел ретIун, къачIан ритIула школалде, хадуй юссуна гьитIичазде, рачуна гьел цIияб гьаваялде, бакIарула рукъ-бакI, хIадурула къадиквен. Бигьаго букIунаро гьеб кинабго гьабизе балагьизе чи гьечIеб кIиго гьитIинаб лъимергун. Амма Эльмирахъа кинабго бажарула. ЧIахIияздеги жеги кIвар кьезе ккола, киназдаго лъала гIолеб мехалъ лъималазул гIамал-хасияталъулъ кколел хиса-басиял. Щивасде кIвар кьола Эльмираца. ЧIахIиял ясазе гьей йиго гIел бащадай гьалмагъ, гIисиназе тIалаб бугей эбел.

ГIемерал лъимал - гьеб буго кьимат кьезе кIолареб талихI. Камилищха захIмалъаби, амма гьезде бугеб рокьиялъ тIубазабизе кIолареб захIмалъи букIунаро Эльмирае. Къо бахьанагIан ругьунлъулей йиго гьей кIудияб захIматабги жавабчилъиги цIикIкIарабги гIумроялде. ГIисинго ругел лъималаз гIемераб талихI, рохел босун бачIуна рокъобе, гьезде бугеб рокьи цIикIкIиналъ бигьалъула захIмалъаби къвинаризе. «Къаси гIоборги чIун гьезда хадуб хал ккуни, гьезул расанди, хIаял, релъи-рохел бихьидал свак чучун уна дир. Вацал-яцал гIемер ругогIан цоцадаса рохун рукIуна лъималги, расандула цоцалъ. ЧIахIиял ясаз гIемераб кумек гьабула гIисинал руссинариялъе»,-ян абула гьелъ.

Киналъего къуватги жанги кьола, гьелда Эльмира барахщуларо. Жиндирго лъимал талихIал ва сахал рихьигIан кIудияб талихI щибха бугеб эбелалъе. Гьелъ талихIайлъун гьаюла гIолохъанай эбел. Гьеб гуребги эбел кко-ла цо тарбия кьолей чIужу гурейги учительги. Эбел ккола гIатIидаб профилактикаялъул специалист, медсестра, врач, повар, психолог, гIакълучIужу.

Эбеллъи - гьеб буго кIудияб талих1, гIемер лъимал ругезе гьеб буго гIемерго кIудияб захIмат.



Кинабго нилъее къуралъухъ рецIел бецIизе киданиги кIоларо нилъеда эбелалъе. Гьединлъидалин эбелалъе нилъ бецIун лъугIулареб налъукь рукIунел!

Дуда эбелалъул берал рихьанищ?

# Эбелалъул гъалатI

### (ХIакъикъияб хабар)

Боголил как балелъуй гъумер гьечIев вас лъугьиналъ ракI бакъван гIодулаго Аллагьасде гьев цIунейин, кантIизавейин гьардолеб Расулил эбел ПатIимат пашманал пикрабазулъе тIерхьун ана. РакIалде бачIана гьитIинав чи гьев вугеб мехаль гьакълида ван, руччабазда хадув лъугьун, рукъалъе пайда гьечIев росгун ятIалъараб къо. ЦцимгIаги букIинарин, кинабго рекIел хинлъи кьун васги гIезавилин, гьесие гIумроги кьелин, жиндирго гIумроялдасан хIучч цIана гьелъ доб къоялъ ва эмен гьечIолъи лъазе теларин бокьарабщинаб босун, кинабгIаги гьесул ракI бакъвалеб жо гьабичIого гIезавуна. ГIемер гаргадулаан эбел гьалда цIакъго гогьдаризавуге, захIмалъаби лъазе, ричIчIизе те, гIадамазухъ ялагьун куце, гIицIго лъикIлъи лъан гIадан гIезе бегьуларо…-ян. Амма гIадамазул лъимал гIезегIан руго, дир цо гьав вуго, дица гьабураб лъикIлъи гьасда лъачIого букIинаро,-ян кIалъана гьай эбелалде данде.

Цебегоялдаса гьечIо эбел, инчIо росасе, гIадамазул тукабахъ хIалтIун гIарацги балагьун жинцаго квинчIого, ретIинчIого гIезавуна вас. Гьале лъугIана школа. Гьев цIализавизе бугеб гьираялъ цойги районалде росдал магIишаталъул хIалтIаби гьаризе ун балагьун букIана гьалъ гIарац. Амма цIалудехун ракI балагьичIо васасул. Гьев лъугьана гIицIго жиндиего рекIелгъеялъе гIумро гьабулевлъун, адаб тун тIаде вельун хочIие гьайизе лъугьана гьай.



Ахириял къоязда тIубанго хисана Расулил гIамал-хасият.

(Ахир 4 гъумералда)

**Ахихъан**

*Районалъул газета*
*№ 49 (7193)*
*Итни*
*27 ноябрь 2017 сон*

3 гьумер

# С а д о в о д

Страница в номере



# Протокол
# публичных слушаний по обсуждению проекта муниципального правового акта о внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Унцукульский район» РД (муниципальный район)

Публичные слушания назначены решением Собрания депутатов муниципального района «Унцукульский район» от 31 октября 2017 года №38.
Дата проведения публичных слушаний: 23 ноября 2017 года.
Время проведения: с 10 часов до 12 часов
Место проведения: поселок Шамилькала, ул.Дахадаева, 3, актовый зал администрации муниципального района «Унцукульский район».
Председатель публичных слушаний - Асадулаев К.Д.
Секретарь публичных слушаний - Кусалаев К.М.
Присутствовали: жители Унцукульского района в количестве 75 человек.

**ПОВЕСТКА ДНЯ:**

1. Рассмотрение проекта муниципального правового акта о внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Унцукульский район» РД (муниципальный район).

**СЛУШАЛИ**: Асадулаева Казима Джамаловича- председателя Собрания депутатов муниципального района «Унцукульский район», в своем выступлении ознакомил присутствующих с проектом муниципального правового акта о внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Унцукульский район» РД (муниципальный район), который подготовлен с учетом требований федерального законодательства.

**ВЫСТУПИЛИ:** 1. Гамзатов Г.М. – житель с.Гимры- депутат Собрания с предложением одобрить проект муниципального правового акта о внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Унцукульский район» РД (муниципальный район)

2. Гамзатов Р.К. – житель с.Майданское с предложением одобрить проект муниципального правового акта о внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Унцукульский район» РД (муниципальный район)

3. Абдулаев Х.М. – житель с.Унцукуль- глава МО «сельсовет Унцукульский» также предложил участникам публичных слушаний поддержать проект муниципального правового акта о внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Унцукульский район» РД ( муниципальный район» в целях приведения положений Устава в соответствии с федеральным законодательством.

**ГОЛОСОВАЛИ:**
«За» -75
«Против» - нет
«Воздержались»- нет

**РЕШИЛИ**: Рекомендовать Собранию депутатов муниципального района «Унцукульский район» принять муниципальный правовой акт о внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Унцукульский район» РД (муниципальный район).

**Председательствующий К. Асадулаев**
**Секретарь К. Кусалаев**

# ЗАКЛЮЧЕНИЕ
# по результатам публичных слушаний по обсуждению проекта муниципального правового акта о внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Унцукульский район» РД (муниципальный район)

**пос. Шамилькала** **23 ноября 2017 года**

Публичные слушания по обсуждению проекта муниципального правового акта о внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Унцукульский район» РД (муниципальный район) были проведены по инициативе Собрания депутатов муниципального района «Унцукульский район» на основании решения Собрания депутатов муниципального района от 31 октября 2017 года №38

Присутствовало – 75 человек
Выступило - 3 человек

Путем голосования установлено, что проект муниципального правового акта о внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Унцукульский район» РД (муниципальный район) одобрен единогласно всеми участниками публичных слушаний муниципального образования «Унцукульский район».

**Председательствующий К. Асадулаев**
**Секретарь К. Кусалаев.**

# П О С Т А Н О В Л Е Н И Е

от «20» ноября 2017 г. № 122

## О Порядке организации и проведения публичного слушания проекта бюджета МО «Унцукульский район» на 2018 год и плановый период 2019-2020 гг.

1. Утвердить порядок проведения публичных слушаний, согласно приложению №1.
2. Опубликовать проект бюджета в районной газете «Садовод» в срок до 8 декабря 2017 года.
3. С целью организации работы по учету предложений граждан по проекту бюджета создать рабочую группу администрации района численностью 4 человека в составе согласно приложению №2.
4. Установить, что предложения граждан по проекту бюджета принимаются в письменном виде рабочей группой администрации района с 03 декабря 2017 года по 21 декабря 2017 года по адресу: пос.Шамилькала ул.Дахадаева, 3 - ежедневно с 9.00 до 18.00 часов.
5. Для обсуждения проекта бюджета на 2018 год и плановый период 2019-2020 гг. с участием жителей, руководителю рабочей группы, указанной в пункте 3 настоящего постановления, организовать проведение публичных слушаний 22 декабря 2017 года в актовом зале администрации района по адресу: пос. Шамилькала, ул.Дахадаева, 3.
6. Руководителю рабочей группы, указанной в пункте 3 настоящего постановления, представить главе муниципального района информацию о результатах публичных слушаний, информацию об обсуждении проекта бюджета, отсутствии или наличии предложений граждан с их перечислением.
7. Протокол и результаты публичных слушаний подлежат опубликованию в районной газете «Садовод.
8. Провести заседание рабочей группы 22 декабря 2017 года по вопросам:
8.1. Учета предложений граждан по проекту бюджета, обсуждения резуль-татов публичных слушаний по проекту бюджета;
8.2. Внесения изменений в проект бюджета с учетом мнения населения.
9. Настоящее решение подлежит опубликованию (обнародованию) с проектом бюджета муниципального образования «Унцукульский район»

**Глава МО «Унцукульский район»**
**И. Нурмагомедов**

**(Продолжение читайте на 4 странице)**

## ОБЪЯВЛЕНИЕ



МБУ «Единая информационная служба» МО «Унцукульский район» обращает ваше внимание на то, что основным источником официальной информации в районе является периодическое издание «САДОВОД». С 1 октября 2017г. началась подписная компания на районную газету «САДОВОД» на 2018 год. Убедительно просим всех оказать содействие в проведении подписной компании, подписать и поддержать районную газету, которая является культурно-историческим достоянием Унцукульского района. Газета выходит 4 раза в месяц. Цена подписки на год 420,36 руб.

## Приложение № 1
## к Постановлению администрации
## МО «Унцукульский район»

от «20» ноября 2017 г.   2017года № 122

### ПОРЯДОК
**организации и проведения публичных слушаний по проекту бюджета муниципального образования «Унцукульский район» на 2018 год и на плановый период 2019-2020 гг.**

1. Публичное слушание проводится с целью обсуждения проекта бюджета муниципального образования «Унцукульский район» - далее проект на 2018 год и плановый период 2019-2020 гг.

2. Организацию и проведение публичного слушания, а также сбор и обработку предложений граждан, поступивших в отношении Проекта, осуществляет руководитель рабочей группы администрации района (далее руководитель рабочей группы).

3. В публичных слушаниях вправе принять участие каждый житель муниципального образования.

4. На публичных слушаниях по Проекту выступает с докладом и председательствует руководитель рабочей группы (далее председательствующий).

5. Для ведения протокола публичных слушаний председательствующий определяет секретаря публичных слушаний.

6. Участникам публичных слушаний обеспечивается право высказать свое мнение по Проекту.

6.1. Всем желающим выступить предоставляется слово, в зависимости от количества желающих выступить, председательствующий вправе ограничить время любого из выступлений.

6.2. Председательствующий вправе принять решение о перерыве в публичных слушаниях и продолжения их в другое время.

6.3. По истечению времени, отведенного председательствующим на проведение публичных слушаний, участники публичных слушаний, которым не было предоставлено слово, вправе представить свои замечания и предложения в письменной форме. Устные замечания и предложения по проекту заносятся в протокол публичных слушаний, письменные замечания и предложения приобщаются к протоколу, который подписывается председателем и секретарем.

6.4. Предложения к проекту бюджета на 2018 год и на плановый период 2019-2020 гг. должны содержать их обоснование, а в случае, если такие предложения приводят к увеличению расходов бюджета МО «Унцукульский район», и предложения об источниках их финансирования.

7. Поступившие от населения замечания и предложения по Проекту, в том числе в ходе проведения публичных слушаний, носят рекомендательный характер.

8. Результаты публичных слушаний в форме итогового документа подписывается председательствующему и подлежит официальному опубликованию.

9. Указанные замечания и предложения рассматриваются на заседании рабочей группы администрации района. После завершения рассмотрения замечаний и предложений граждан, а также результатов публичных слушаний вносится изменения в проект бюджета на 2018 год и плановый период 2019 - 2020гг.

## Приложение № 2
## к Постановлению администрации
## МО «Унцукульский район»

от «20» ноября 2017 г.   2017года № 122

### СОСТАВ
**рабочей группы администрации района по учету предложений граждан по проекту бюджета муниципального образования «Унцукульский район» на 2018 год и плановый период 2019-2020 гг.**

Руководитель рабочей группы:

- Арулмагомедов С.С. – заместитель главы администрации – начальник отдела финансов.

Члены рабочей группы:

- Магомедова А. А. – специалист 1 категории отдела финансов администрации МО «Унцукульский район»;
- Магомедова М. А. – ведущий специалист отдела финансов администрации МО «Унцукульский район»;
- Малагусейнов Г. – главный специалист отдела экономики администрации МО «Унцукульский район».

# Эбелалъул гъалатI

### (ХIакъикъияб хабар)

Байбихьана къасе къватIахъ кватIизе, рокъове рогьалилъ вачIине. Гьесул бадие ялагьидал эбелалда бичIчIана цо кинабалиго балагьалде гъорлъе вас ккун вукIин. Гьесул гьагав чиясулгIан щибго жоялъул батIалъи гьечIеб гьумер-куцги, цин цого бакIалде валагьун, цин рахъ-рахъалде ралагьун ххенезарулел бераз бицана эбелалда васас наркотикал хIалтIизарулел рукIин. Цин берцинго гьавги бусада вегизавун кьижун рекIедаса инегIанги чIун, хал гьабуна ПатIиматица гъуждузул венабазда гIуж бугищали ва цIоро-гъорон ялагьун хутIана чанго бакIалдасан борлъ-борлъараб гьесул гъежалъухъ. Чвахулаго магIугун хал гьабуна кусбузул, гьенире ран руго киналали лъаларел таблеткаби.

-Огь, бухIаяб къо, жинцаго живго чIвалев вугогури вас. Гьедин мун гIадада хвезейищха, Расул, дица дирго гIумро хвезабун букIараб?,-ян агьиялда гIодулаго сордо рогьарай гьай кроваталъул рагIалда кьижун ккана. Бакъул чIораз йорчIизаюрай ПатIимат бер рагьарабго ялагьана вас вегараб бусадухъ. Ун вуго гьев. Киве? Щай гьадин ккараб...?

Гьале жеги вачIинчIо рокъове вас. Гьарзаго чвахулеб буго бадиса магIу. Гьеб бихьуларев вас гIунагури дир,-ян зигардулаго сордо бащалъана. Цойидасанго нуцIа рагьулеб гьаракь рагIун тIаде йорхарай гьалда цо лъицаялиго жанивехун рехарав вас къеда кверaлги чIван тIаде вахъунев вихьана.

- Вай, дир вас, щай дарман дурго гIумро гьедин хвезабулеб?..-ян гIодулаго васасде гIагарлъулей йикIана эбел. Амма «щай дуца дир кусби хъирщарал?»,-ян васас кьабун



бачIараб кверaлъ гIодой ккезаюна гьай. МагIарзухъан чваххулеб биялъ лъалъана какикь жо, босун ана канлъи ва лъавудаса унаго гьалъ щурулеб букIана «гIадан гурев гьой гIезавун вихьула дица»,-ян.

**С. КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА.**

## ВАЖНАЯ ИНФОРМАЦИЯ ДЛЯ ПОЛУЧАТЕЛЕЙ КОММУНАЛЬНЫХ УСЛУГ

Управление социальной защиты населения в МО «Унцукульский район» сообщает, что с 1 декабря 2017 года будут приостановлены ежемесячные денежные выплаты по оплате жилого помещения и коммунальных услуг всем категориям граждан.

Для возобновления выплат в УСЗН в МО «Унцукульский район» нужно представить следующие документы:

Многодетным семьям:

- справки о доходах всех совершеннолетних членов семьи за последние три месяца (справки из центра занятости, налоговой инспекции, пенсионного фонда и справки о том, что не имеет трудовой книжки (для неработающих граждан));
- справка о том, что не имеет задолженности по оплате жилого помещения и коммунальных услуг либо заключение и (или) выполнение соглашения (соглашений) по ее погашению (справку нужно заполнить на имя владельца расчетной книжки).

Ветеранам труда:

- справка о том, что не имеет задолженности по оплате жилого помещения и коммунальных услуг либо заключение и (или) выполнение соглашения (соглашений) по ее погашению (справку нужно заполнить на имя владельца расчетной книжки).

Инвалидам всех категорий:

- сведения о платежах за газ, электричество (за весь 2017 год) и уголь (за 2016 год);
- справка о том, что не имеет задолженности по оплате жилого помещения и коммунальных услуг либо заключение и (или) выполнение соглашения (соглашений) по ее погашению (справку нужно заполнить на имя владельца расчетной книжки).

Специалистам на селе (педработники, медработники, соцработники, культработники, ветврачи):

- справка о том, что не имеет задолженности по оплате жилого помещения и коммунальных услуг либо заключение и (или) выполнение соглашения (соглашений) по ее погашению (справку нужно заполнить на имя владельца расчетной книжки).

За справочной информацией можно обратиться по тел.:

Гасанова П.О. -Унцукуль- кроме ИНВАЛИДОВ)- 8 988 297- 82 28;
Абдурахманова П. А.- Унцукуль (ИНВАЛИДЫ), медработники (ВСЕ МЕДРАБОТНИКИ), Кахабросо- 8 989 868- 44 41;
Магомедова П.М.- Аракани, Ирганай, Майданское- 8 989 450- 18 79;
Гамзатова С.М.- Шамилькала, Харачи, Ашильта, Цатаних- 8 988 268- 96-50;
Баширова У. М.- Гимры, Балахани, Зирани, Моксох- 8 988 267- 44- 45.


**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**п. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 26. 11. 17 г. 17. 40
фактически -17. 55 мин.
........................................

Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.